

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan**

##### **3.1.1 Sumber Data**

Sugiyono (2012: 308) nétélakeun yén dina ngumpulkeun data bisa ngagunakeun sumber *primer* jeung sumber *sekunder*. Sumber *primer* nya éta sumber data nu langsung dibikeun ka nu ngumpulkeun data atawa panalungtik, sedengkeun sumber *sekunder* nya éta sumber data nu teu langsung dibikeun ka panalungtik, misalna ngaliwatan jalma lian atawa ngaliwatan dokumén. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Pupuhu DKM, guru ngaji, guru sakola, para santri anu dianggap leuwih apal kana pupujian nu aya di Désa Panyindangan;
- 2) Masarakat anu dianggap apal kana pupujian.

Format data informan anu diasongkeun nalika lumangsungna kagiatan wawancara nya éta:

**Tabél 3.1**  
**Format Data Informan**

<b>Data Informan</b>	
1. Ngaran	: Pa Lutfi
2. Umur	: 30 taun
3. Jenis Kelamin	: Lalaki
4. Alamat	: Kp. Sindangpalay
5. Pakasaban	: Guru Mts
6. Judul Pupujian	: Aqidah, Nasab Rosul, Nabi ahir jaman

### **3.1.2 Lokasi Géografis Tempat Panalungtikan**

Désa Panyindangan mangrupa salahsiji Désa di Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut nu lega wilayahna 716 Ha. Kaayaan penduduk dina taun 2012 jumlahna aya 5.978 jiwa, nu jumlah lalakina 3.158 jeung jumlah awéwéna 2.820 jiwa. Wates Désa Panyindangan nya éta: di beulah kalér diwatesan ku Désa Linggarjati, beulah wétan diwatesan ku Désa Wangunjaya, di beulah kidul diwatesan ku Désa Bojong, di beulah kulon diwatesan ku Désa Wangunjaya. Ditempo tina topografi jeung kontur taneuh, Désa Panyindangan mangrupa dataran nu luhur antara 600–800 di luhureun permukaan laut, kaayaan suhu 30°C jeung curah hujan kira-kira 13.000 mm/taun. Sacara umum jenis taneuh nu aya di Désa Panyindangan mangrupa jenis *regosol*, *latosol*, jeung *alluvial*. (Sumber: Sekertaris Désa Panyindangan).

## Gambar 3.1 Péta Wilayah PÉTA WILAYAH DÉSA PANYINDANGAN




(Sumber: Sekertaris Désa Panyindangan)

### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain nu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

**Bagan 3.1**

#### Désain Panalungtikan



### 3.3 Métode Panalungtikan

Métode mangrupa salahsiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan. Cara nu digunakeun dumasar kana tinimbangan anu nalungtik sabada nyawang tujuan jeung objék anu rék ditalungtik.

Nurutkeun Subagyo (2006: 2) métode panalungtikan nya éta salahsiji cara atawa jalan pikeun meunangkeun data tina sagala pasualan nu aya. Ku kituna, sagala hal nu baris dilakonan kudu maké métode anu luyu pikeun ngahontalna, sangkan hasil dina panalungtikanna luyu jeung kaayaan sabenerna.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Tegesna métode anu ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun kaayaan jeung kajadian anu keur

Ayi Surtani, 2013

disanghareupan. Ieu métode digunakeun lantaran data anu ditalungtik leuwih nyoko kana bahan anu bisa dianalisis ku cara déskriptif. Surakhmad dina Natalia (2006: 29) nyebutkeun yén métode déskriptif nya éta métode anu bisa ngungkulan masalah anu aktual ku jalan nyusun atawa papasingan data, nganalisis data, nafsirkeun data, jeung nyieun kacindekan.

Istilah “déskriptif” asalna tina Basa Inggris *to describe* nu hartina ngajéntrékeun atawa ngagambarkeun hiji hal, misalna kaayaan, kondisi, situasi, peristiwa, kgiatan, jrrd (Arikunto, 2010:3). Métode déskriptif ogé miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeyun, nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, sarta akurat ngeunaan fakta-fakta, anu sipat jeung hubunganna nyoko kana kaayaan daerah nu tangtu. Tujuan ngagunakeun métodé déskriptif dina ieu panalungikan nya éta pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan bisa jeung henteuna pupujian anu aya di Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut pikeun bahan pangajaran di SMP.

### 3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré jeung babari dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, diperlukeun keterangan sangkan teu nimbulkeun rupa-rupa panapsiran. Ieu keterangan téh patali jeung judul panalungtikan, diwincik ieu di handap.

#### 1) Pupujian

“Puji, kecap-kecap atawa ucapan pikeun ngagungkeun Nu Maha Kawasa: Sadaya puji kagungan (kanggo) Alloh, Pangérán sakabéh alam, tarjamahan tina *Alhamdulillahi robil ‘alamin*; muji, nyebut rupa-rupa kaagungan, kapunjulan atawa kaalusan; muji ka Pangérán, nyebut jenengan-jenengan Alloh nu mulya; Pupujian, 1. Kecap barang kecap-kecap nu sok dipaké muji Alloh atwa Rosululloh; 2. Kecap pagawéan ngedalkeun atawa ngalagukeyun puji-pujian ka Alloh atawa ka Rosul-Na”. (*Kamus Umum Basa Sunda*, 1995: 401).

#### 2) Désa Panyindangan

Désa Panyindangan mangrupa salahiji Désa nu aya di Kacamatan Pakénjéng, Kabupatén Garut. Di beulah kalér diwatesan ku Désa Linggarjati, beulah wétan

diwatesan ku Désa Wangunjaya, di beulah kidul diwatesan ku Désa Bojong, sedengkeun di beulah kulon diwatesan ku Désa Wangunjaya.

3) Kacamatan Pakénjéng

Kacamatan mangrupa salahiji tingkat pamaréntahan anu aya di saluhureun Désa sahandapeun Kabupatén.

4) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran nya éta sajumlahing matéri anu rék ditepikeun ka murid dina prosés diajar-ngajar. Dina hakékatna bahan pangajaran mangrupa eusi tina mata pelajaran atawa bidang studi anu dibikeun ka siswa luyu jeung kurikulum anu dipakéna (Sudjana, 2011: 67).

5) Ngaregepkeun

Ngaregepkeun (*menyimak*) nya éta kgiatan maham jeung nanggap wacana lisan ngaliwatan ngadéngékeun lambang-lambang sora ujaran. Ngaregepkeun mangrupa salahiji kaparigelan berbahasa *reseptif*.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat atawa cara anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, instrumén anu digunakeun nya éta kaméra *digital*, *handphone*, jeung pedoman wawancara.

Nurutkeun Suyatna (2000: 19) instrumén panalungtikan nya éta “*cara atau alat untuk memperoleh dan mengumpulkan data tentang status sesuatu dibandingkan dengan ukuran yang telah ditentukan*”.

1) Kaméra *Digital*

Kaméra *digital* digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun foto kagiatan dina lumangsungna panalungtikan;

2) *Handphone*

*Handphone* digunakeun pikeun ngarékam sora dina prosés ngumpulkeun data;

3) Pedoman Wawancara

Saluyu jeung téhnik wawancara nu digunakeun, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara sacara gurat badagna wungkul, anu di jérona ngan diwangun ku sababaraha wangun patalékan anu ditujukeun ka narasumber.

### **3.6 Téhnik Panalungtikan**

Dina ieu panalungtikan digunakeun sababaraha téhnik, di antarana (1) téhnik talaah pustaka, (2) obsérvasi, jeung (3) wawancara.

1) Talaah Pustaka

Suyatna Amir (2000: 19) nétélakeun yén talaah pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis anu aya patalina jeung subjék panalungtikan anu keur ditalungtik, diantarana waé tiori-tiori ngeunaan: 1) sastra jeung 2) puisi pupujian

2) Obsérvasi

Téhnik obsérvasi dilakukeun pikeun meunangkeun informasi sarta gambaran nyata ngeunaan kagiatan panalungtikan nu museur kana hiji objék nu ngagunakeun sakabéh alat indra (Suyatna, 2000: 20).

Ditillik tina cara ngalaksanakeun panalungtikan, obsérvasi téh dibagi jadi dua bagian nya éta:

1. Obsérvasi *non-sistematis* nya éta obsérvasi nu dilaksanakeun ku panalungtik kalawan teu ngagunakeun instrumen panalungtikan.
2. Obsérvasi *sistematis* nya éta obsérvasi nu dilaksanakeun ku panalungtik kalawan ngagunakeun pedoman instrumen panalungtikan.

Téhnik obsérvasi nu rék digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik obsérvasi *sistematis*.

### 3) Wawancara

Wawancara nya éta salahsahiji paguneman nu dilakukeun ku nu ngawawancara jeung nu diwawancara pikeun meunangkeun informasi. Téhnik wawancara ieu digunakeun pikeun meunangkeun data sacara lisan (sumber lisan) ti narasumber.

Esterberg dina Sugiyono (2012: 319), nyebutkeun yén wawancara téh dibagi jadi tilu rupa, nya éta wawancara terstruktur, wawancara semiterstruktur, jeung henteu terstruktur.

- a) Wawancara terstruktur “*structured interview*”, nya éta nu ngawawancara geus nyiapkeun instrumén panalungtikan mangrupa patalékan-patalékan sacara lengkep. Dina wawancara terstruktur, salian ti mawa instrumén pikeun cecekelan pikeun ngawawancara, nu ngawawancara ogé mawa alat bantu pikeun meunangkeun data saperti *tape recorder*, *handphone*, jeung material séjénna nu bisa ngarojong kana kalancaran wawancara.
- b) Wawancara semiterstruktur “*semistucture interview*”, nya éta wawancara anu dilakukeun sacara bébas mun seug dibandingkeun jeung wawancara terstruktur. Tujuan wawancara ieu nya éta pikeun meunangkeun datana leuwih terbuka, sangkan pihak nu diwawancara dipénta pamadeganna jeung ide-idená. Dina ngalaksanakeunna, panalungtik kudu ngadéngékeun sacara taliti jeung nuliskeun naon waé anu geus diomongkeun ku informan.
- c) Wawancara teu terstruktur “*unstructured interview*”, nya éta wawancara nu dilakukeun ku cara mawa daptar patalékan sacara gurat badagna wungkul, ngeunaan hal-hal nu rék ditanyakeun ka narasumber.

Téhnik wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik wawancara teu terstruktur. Wawancara dilaksanakeun jeung masarakat, pingpinan DKM, guru ngaji, jeung para santri anu aya di Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut.

#### 4) Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi mangrupa tulisan kajadian nu geus kaliwat. Dokuméntasi bisa nu ngawujud tulisan, gambar, atawa karya-karya *monumental*. Dokuméntasi nu ngawujud tulisan saperti catétan sapopoé, sajarah kahirupan, biografi. Dokuméntasi nu ngawujud gambar saperti foto, skétsa, jrrd. Dokuméntasi nu ngawujud karya saperti karya seni, nu mangrupa gambar, pilem, vcd, jeung sajabana.

Studi dokuméntasi mangrupa pang lengkep tina ngagunakeun métode obsérvasi jeung wawancara dina panalungtikan.

#### 3.7 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data hasil panalungtikan dikumpulkeun, satulunya ngolah data. Téhnik ngolah data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ku cara *purposive sampeling*.

*Purposive Sampeling* nya éta téhnik nyokot sampel sumber data ku tinimbangan nu tangtu. Tinimbangan nu tangtu ieu, saperti hiji jalma nu dianggap paling nyaho kana naon anu dipiharep, atawa nu dianggap ngawasa matéri anu ditalungtik, anu ngalantarankeun bisa ngalancarkeun panalungtik neuleuman objék/situasi sosial anu keur ditalungtik (Sugiyono, 2012: 300).

Sanggeus sampel kapilih, satulunya hasil tina data panalungtikan didéskripsikeun jeung dilarapkeun dina bahan pangajaran “Ngaregepkeun Pupujian” di SMP kelas VII. Sanggeus éta nyieun kacindekan tina hasil ngolah data anu geus didéskripsikeun jeung dianalisis.

#### 3.8 Léngkah-Léngkah Panalungtikan

Anu dijadikeun rarancang dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah kagiatan nya éta:

1) Tahap tatahar

Kagiatan nu dilakukeun dina tahapan tatahar, ngawengku (1) néangan keterangan ngeunaan masalah anu arék ditalungtik (studi pustaka), (2) ngajukeun judul panalungtikan, (3) ngumpulkeun sumber bahan kajian, (4) nangtukeun masalah jeung objék panalungtikan, (5) nyieun proposal panalungtikan, (6) konsultasi ka dosén pangaping, jeung (7) ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan.

2) Tahap ngumpulkeun data

Kagiatan nu dilakukeun dina tahapan ngumpulkeun data, ngawengku (1) telaah pustaka pikeun meunangkeun pamahaman awal ngeunaan pupujian nu rék ditalungtik, (2) ngalaksanakeun obsérvasi, (3) ngalaksanakeun wawancara jeung pupuhu DKM, guru ngaji, guru sakola, jeung masarakat nu dianggap apal, jeung (4) ngadokuméntasikeun kagiatan salila panalungtikan.

3) Tahap ngolah data

Kagiatan nu dilakukeun dina tahap ngolah data, ngawengku (1) mariksa data anu geus dikumpulkeun, jeung (2) nganalisis data nu bisa dijadikeun bahan pangajaran.

4) Tahap nyusun laporan panalungtikan

Kagiatan nyusun laporan mangrupa tahapan pamungkas dina ieu panalungtikan. Hasil panalungtikan dianalisis tepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wangun déskriptif. Satulunya ieu laporan disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.